

# Pawòl ko-edite yo

Fritz Dorvilier ak Michel Julien

---

**L**eta ayisyen an te kreye anvan nasyon ayisyen an. Sa vle di, fondatè yo, an lagan, te bay fòmalizasyon enstitisyon yo priorite. Depi lè a, nou remake yon chirepit ant Leta a ak nasyon an. Gen moun ki panse se Leta a ki leve kanpe kont nasyon an, epi li pouse li, mete nan yon kwen. Relasyon hinghang sa a, ki mennen nou nan yon sityasyon koupe fache toutan, te genyen yon enpak negatif ki rete jouk jodi a nan konstriksyon Leta modèn nan an Ayiti. Souvan, pouvwa diktatè, toukou pouvwa Duvalier yo (1957-1986), enplike nan kalte relasyon gwo ponyèt sa a.

Kontrèman ak modèl jan militè yo te konn chavire pouvwa sa yo, se pèp souvren ki te dechouke diktati Duvalier a 7 fevriye 1986. Yo konsidere mouvman popilè sa a tankou yon revolusyon demokratik nouvo, nan sans kote se pèp la limenm, san se pa an dezòd, jan li te konn fè sa anvan, ki leve kanpe nan yon aksyon tètansanm, ki reyini tout kalite moun ki soti nan tout kouch sosyal nan peyi a.

Mobilizasyon tètansanm sa a, gras ak konstitisyon 1987 la, vin debouche sou yon restriktirasyon enstitisyonèl, paske pèp la te revandike dwa pou li patisipe nan gouvènans peyi li. Sepandan, 29 lane apre chanjman politik enpòtan sa a, nou konstate pwosesis pou mete enstitisyon yo chita a mal pou pran rasin nan peyi a. Koudeta militè yo te fè an 1991 lan, kont premye prezidan ki te monte sou pouvwa a demokratikman apre epòk rèy Duvalier a, se yon prèv ki montre sa aklè. Epitou, si otorite politik yo pa toupizi popilasyon an ankò, depi nan mwa oktòb 1994, dat « retou demokrasi a », sa pa vle di ditou yo respekte ni dwa kiltirèl, ni dwa sosyal ansanm ak dwa politik li yo. Enstitisyon yo mete kanpe pou te jwe wòl sa a fè bèk atè.

Lè nou gade sityasyon sa a byen, se pou nou ta poze tèt nou kesyon sou mwayen ki bloke pwosesis pou mete chita enstitisyon ki pou transfòmasyon Ayiti a. Se nan kontèks sa a, GRAHN, ki se yon òganizasyon mondyal ki ap fè santinèl avèk sitwayen yo, vle pou li kontribye nan rezolisyon pwoblèm peyi a nan yon aksyon kote moun ap reflechi. Poutèt sa, li te chwazi « Enstitisyon demokratik apre 1986 yo » kòm tèm pou nimewo espesyal *Haïti Perspectives sa a*.

Plizyè inivèsité te enterese ak demann nou te voye ba yo pou kontribisyon yo. Si vrèman vre, yo pa te janm rive etidye tout enstitisyon ki fòmè chapant Leta-nasyon ayisyen an paske pa

genyen moun ki reponn, kontribisyon sa yo nou jwenn yo merite atire atansyon nou epi yo merite pou nou fè piblik la konnen yo. Paske, nonsèlman kontribisyon sa yo souleve pwoblèm tèm nou ap etidye a yon fason orijinal, men tou, yo pote ban nou repons ak solisyon, menmsi yo pa konplè nèt, se vre, men nou satisfè sou jan yo trete zafè blokaj enstitisyonèl la.

**Éric SAURAY**, nan atik li a ki rele: « *L'instabilité des institutions démocratiques post-1986: le triomphe du pactisme contre l'oubli de l'esprit des lois* », analize soulèvman aktè politik yo kont lalwa. Konsa, li mete pwosesis enstitisyonèl an Ayiti a sou kont sa li rele « *l'oubli de l'esprit des lois* ». Sauray prezize jisteman « *genyen enstitisyon se youn, genyen demokrasi se de* » epi dayè, « *regleman enstitisyon yo pa janm penmèt moun genyen yon fonksyonman enstitisyon ki ni korèk ni efikas* ». Li kontinye pou li di, enstitisyon yo, ki brankal la, se rezilta yon pratik enstitisyonèl, ki depaman avèk règleman sou konpòtman espesifik aktè politik yo ki chita sou sa yo rele paktis la (pactisme). Dapre Sauray, establite entitisyon yo an Ayiti ap rive fèt lè yo fè yon kase tèt tounen nan lespri lalwa a.

**Géraldo SAINT-ARMAND**, nan « *Partis politiques et comportement électoral des masses populaires dans les présidentielles haïtiennes de 1990 à 2011* », chache montre kouman se difisil pou yo mete demokrasi kanpe kòm rejim politik an Ayiti. Li te fè yon travay analiz sosyolojik pou li eseye esplike konpòtman politik Ayisyen yo. Paske, pandan senk dènye eleksyon prezidansyèl ki sot pase yo, moun yo te kite chèf pati politik yo pou yo ale deyè kèk pèsonalite depaman ki pa makònen kòd lonbrik yo ak okenn pati politik. Analiz li a fè nou wè « *epòk apre 1986 la pa rive mete kanpe yon lòt klima, kote pati yo ta pral an mezi pou yo detòtye tèt yo anba lòd sosyal restavèk la, yon fason pou yo ta tounen yon fòs politik pou garanti patisipasyon* ».

Nan atik li a, ki rele « *L'institution parlementaire dans la dynamique de la néopatrimonialisation de l'État démocratique en Haïti* », **Sandra JEAN-GILLES** analize pwosesis konstriksyon ak restriktirasyon palman ayisyen an pou li chache konprann ki enflyans palman an genyen. Konsa, Li montre listwa palman ayisyen an chita sou hinghang ak kriz epi sa devlope nan rapò li genyen ak lòt pouvwa Leta yo, sitou ak egzekitif la ki vin genyen de tèt kounye a. Li jwenn ladan li twa konpreyansyon ki reglemante lojik aksyon palmantè yo: palmantaris devlopmanntis, palmantaris nòmatif renouvle ak palmantaris sibvèsif.

**Emeric CÉUS**, Nan atik li a ki rele « *L'échec de la gouvernance locale dans l'Haïti post-1986* », li fè yon ti panche sou fonksyonman kolektivite tèritoryal yo an Ayiti. Li analize pwosesis demokratizasyon an jan Konstitisyon 1987 la defini li an. Li konstate laplipa moun yo eli nan rejyon yo (ASEC, CASEC) pa rive fè travay la kòm sadwa, paske yo manke konpetans teknokratik. Rezilta mankman sa a se konsekans nan mete yo toujou mete popilasyon an sou kote a. Kòm solisyon, otè a panse fòk moun yo eli nan rejyon yo jwenn ankadreman ak yon fòmasyon teknik menm jan ak yon fòmasyon politik.

**Charles CHARLESTON** ak **Bénédictique PAUL**, nan « *Les collectivités territoriales: analyseurs du processus démocratique bloqué en Haïti* », yo montre, pou evite li pataje pouvwa ak kolektivite teritoryal yo, pouvwa santral la pito mete dekrè sou fonksyonman yo a anba pay, menmsi blokaj sa a antrave devlopman rejyonal ak nasyonal la toutbon. Nan kout kat sa a, toujou pou rezon politik, enstitisyon demokratik yo, enstitisyon demokratik apre 1986 yo pa rive genyen enpak toutbon moun te ap tann nan.

**Bénédictique PAUL** ak **François FACCHINI** deklare, nan « *Le mouvement démocratique de 1986 et l'entrepreneuriat politique en Haïti* », twa klas antreprenè politik, klas politik bizismann peze souse, ki domine an Ayiti ak tantativ pou yo mete sou pye lademokrasi ak sistèm jistis ki mache ak li, pa penmèt yo mete fren nan koripsyon an. Pou yo fini yo di an Ayiti « *Revolusyon demokratik la pa bay antreprenè politik nan sans antreprenarya pwodiktif pou popilasyon an. Epi, premye wòl òganis entènasyonal yo nan definisyon entèrè jeneral se nonsèlman yon prèv, mentou, yon konsekans* ».

**Fritz DORVILIER** limenm, poze anfen gwo pwoblèm difisil nou ap viv jodi a sou enstitisyonalizasyon, ki koumanse anba monte a nan « *Le défi de l'institutionnalisation par le bas dans l'Haïti post-1986* ».

An fèt, se demann pou repons patisipasyon politik la, li ap chache konprann. Li pran, kòm chan etid li, mouvman sosyal apre 1986 la, epi li bay definisyon mwayen entèn ki anpeche yo tounen espas ak fòs chanjman sosyal majorite popilasyon ayisyen an swete a. Dorvilier panse, vrèman vre, mouvman sa

a te soufri, epitou li ap kontinye soufri toujou ak pwoblèm sou plan koyitif, sou plan òganizasyonèl ak sou plan politik. Kòm solisyon, li pwopoze yon pi bon konstriksyon chapant òganizasyon baz yo. Sa ap penmèt li konble defisi yo sou rebondisman ak enfliyan yo.

Anfennkont, tout rechèch ki bibliye nan nimewo tematik sa a ale nan menm sans pou yo demontre, nan diferan degre, echèk enstitisyon demokratik yo apre 1986 la. Moun dwe rekonèt, vrèman vre, pwosesis enstitisyonalizasyon an ap rete bloke toujou pandan lontan an Ayiti, si dirijan yo ak aktè sosyete sivil la yo pa mete yo dakò sou yon antant nasyonal nan fason pou yo gouvène. Paske, tankou André Hauriou, pwofesè *Faculté de droit et des sciences économiques de Paris* ekri li a :

*Yon pwosesis nasyonalizasyon pou abouti nan demokrasi sipoze:*

*- pèp la pran konsyans se limenm ki genyen pouvwa a nan men li, li swete kontwole moun ki ap gouvènen li yo epi li genyen mwayen nan men li pou sa;*

*- moun ki ap gouvènen yo menm asepte nasyonalizasyon sa a epi yo asepte pou pèp la kontwole pouvwa yo a<sup>1</sup>.*

Sa ap kapab fèt sèlman « *gras ak jeneralizasyon dwa politik ak libète chak moun, fenomèn ki ap penmèt chak moun patisipe nan chwa moun ki pou gouvènen yo a epi pou yo ka vini yon kontwolè pouvwa atravè mekanis libète politik ak libète opinyon yo* ».

An Ayiti, kote yo te toujou konsidere pouvwa a, depi lontan, kòm zafè yon ti gwoup moun, men yo pa te konsidere li kòm zafè tout moun, prensip sa yo pa kapab aplike kounye a. Malezman, se konsta sa a, tout kalte atik ki bibliye nan nimewo sa a fè. Sepandan, chemen solisyon yo trase yo merite pou nou pran yo an konsiderasyon, menm si yo pa genyen fòs natirèl nan lakonesans ki rezonab. Kalte inisyativ entèlektiyèl sa yo patisipe nan travay aprantisaj sosyal ak inisyativ lidèchip kolektif la pou yo fè devlopman tout moun sosyete a swete a posib. ■

1. HAURIOU, André, Droit Constitutionnel et institutions politiques, Paris, Éditions Montchrestien, 1968

**Fritz Dorvilier** a fait ses études universitaires de premier cycle en droit et en sociologie à l'Université d'État d'Haïti. Il est détenteur d'un diplôme d'études approfondies (DEA) en études du développement et d'un doctorat en sciences sociales (Développement-Population-Environnement) de l'Université Catholique de Louvain en Belgique. Il est actuellement enseignant-chercheur à l'Université d'État d'Haïti. Ses recherches portent sur la gouvernance, les mouvements sociaux, le développement local, la démo-économie familiale, l'éducation et la justice de paix. Il mène depuis deux ans des études postdoctorales sur la gouvernance globale et les politiques de développement en Haïti. Parallèlement à ses activités universitaires, il donne des consultations à des institutions publiques et à des organismes internationaux de développement. [kitz74@yahoo.com](mailto:kitz74@yahoo.com)

**Michel Julien** est diplômé de l'Université de Strasbourg (France) et de l'Université du Québec à Chicoutimi en Sciences sociales et économiques ainsi qu'en Sciences de l'administration et de l'éducation, il a d'abord enseigné la comptabilité, la finance et la sociologie avant d'intégrer le corps des professionnels du Gouvernement du Québec à titre de conseiller en développement économique. Il a travaillé à la Direction régionale du Ministère de l'Industrie, du Commerce, de la Science et de la Technologie où il a occupé plusieurs fonctions de coordonnateur régional des Programmes à directeur adjoint et directeur par intérim. Il a été également un des concepteurs du projet de Bourse de sous-traitance de la Montérégie qui est devenue STIQ (Sous-Traitance Industrielle du Québec). À son départ du Ministère,

il a créé avec d'autres collègues Véga International, firme de consultation en développement économique et en commerce international qu'il préside depuis une quinzaine d'années. Pour maintenir ses liens avec son pays d'origine et ses compatriotes, il s'est impliqué bénévolement dans plusieurs organismes. Il a été président de la Fondation des anciens élèves du CND (FACONODAPS), président de l'Association des amis du Cap-Haïtien, président du Carrefour d'Entraide et des Retrouvailles du Cap-Haïtien (CENTRECH), membre du conseil d'administration de la Société de Reboisement d'Haïti (SRH). Il a également siégé au conseil d'administration de l'Institut Canadien des Affaires Internationales (ICAI). De 2006 à 2012, il a présidé le comité des Usagers créé par le CA de l'Hôpital Charles Lemoyne et est aussi membre du conseil d'administration de la Fondation Québec Haïti pour une Scolarisation Universelle de Qualité (QHASUQ). Depuis 2010, il est le vice-président principal, programme et projets de GRAHN-Monde et co-responsable du Comité thématique Développement économique et création d'emplois. [mi.julien@sympatico.ca](mailto:mi.julien@sympatico.ca)

## Lancement de la 5<sup>e</sup> édition (2016) du

# PROGRAMME DES PRIX D'EXCELLENCE DU GRAHN

**Vous êtes invité-e-s à proposer des candidatures de personnes méritantes  
qui vivent en Haïti à un ou plusieurs des prix suivants :**

1. Prix de l'Action citoyenne de l'année
2. Prix de l'Agriculteur de l'année
3. Prix de l'Artisan de l'année
4. Prix de la Collaboration et de l'entraide de l'année
5. Prix de l'Éducateur de l'année
6. Prix de l'Entrepreneuriat « Madan Sara » de l'année
7. Prix de l'Environnement et de l'aménagement de l'année
8. Prix du Jeune entrepreneur de l'année
9. Prix du Leadership de l'année
10. Prix de Littérature d'expression créole de l'année
11. Prix de Littérature d'expression française de l'année
12. Prix de l'Organisme de l'année
13. Prix de la Ruralité de l'année
14. Prix du Scientifique de l'année
15. Prix Groupe Jean Vorbe du Sportif féminin de l'année
16. Prix Groupe Jean Vorbe du Sportif masculin de l'année

Date limite pour proposer des candidatures au concours 2016: 31 juillet 2016

Formulaire de mise en candidature : <http://www.grahn-monde.org/index.php/formulaire>

Informations générales : <http://www.grahn-monde.org/index.php/activites/prix-d-excellence/liste-et-definition-des-prix>